

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan ngagunakeun basa ngawengku opat komponén (Tarigan, 2008, kc.1), nya éta kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*), nyarita (*speaking skills*), maca (*reading skills*), jeung nulis (*writing skills*). Opat kaparigelan anu kaasup kana ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis éta mangrupa hiji beungkeutan anu gembheng, nu silih deudeul tur silih lengkepan. Tina paréléan di luhur ébréh yén nulis mangrupa salah sahiji komponén tina kaparigelan ngagunakeun basa.

Nurutkeun LBSS (dina Nurjanah, 2007, kc.1), nulis téh nya éta nyieun aksara atawa angka dina kertas jsté. ku parantina. Fungsi utama nulis nya éta mangrupa alat komunikasi henteu langsung. Nulis kacida pentingna pikeun dunya atikan, sabab nulis bisa jadi salah sahiji cara anu éféktif pikeun murid-murid dina prosés mikir. Tulisan bisa mantuan dina mikir kritis, bisa ngagampangkeun matalikeun hubungan-hubungan, bisa nimbulkeun ayana persepsi nu jero, bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan, sarta bisa nyusun runtuyan pangalaman. Tulisan bisa ngajéntrékeun pamikiran-pamikiran anu aya dina diri nu nulis, bisa disebutkeun yén diajar nulis téh taya lian nya éta diajar mikir ngagunakeun cara nu tangtu (Tarigan, 2008, kc.1).

Pasualan-pasualan dina prosés nulis di antarana waé loba siswa anu masih kénéh ngarasa hésé dina ngamimitian nulis, utamana dina nulis aksara Sunda, alatan maranéhna teu apal kana aksara Sunda tur teu aktif dina pangajaran nulis aksara Sunda. Padahal, urang Sunda ti jaman baheula geus mibanda ciri mandiri dina wangun aksara anu disebut aksara Sunda. Leungitna motivasi siswa dina diajar nulis aksara Sunda lantaran nganggap pangajaran nulis aksara Sunda henteu ngirut jeung henteu pikaresepeun. Suasana diajar anu monoton, guru henteu kreatif dina nepikeun pangajaran nulis aksara Sunda nu matak siswa hésé nyangking matéri.

Aksara Sunda mangrupa salah sahiji cicirén manusa Sunda jaman baheula jeung mangrupa simbol pikeun masarakat Sunda. Harita aksara Sunda digunakeun

nulis naskah tur minangka alat komunikasi tradisi tulisan. Aksara Sunda minangka hasil karya urang Jawa Barat, ku kituna masarakat Jawa Barat kudu nyaho kana budayana jeung kudu bisa nulis aksara Sunda, hususna mah paraguru jeung siswa di sakola.

Pamaréntah Provinsi Jawa Barat geus narékahan ieu hal ku cara nyieun Perda anu ditangtayungan ku payung hukum, dina Perda Nomer 5 Taun 2003 ngeunaan Miara Basa, Sastra, jeung Aksara Daérah. Dina éta Perda ditétélakeun yén *“Aksara daerah adalah sistem ortografi hasil masyarakat daerah yang meliputi aksara dan sistem pengaksaraan untuk menuliskan bahasa daerah”* (Nurbaeti, 2013, kc. 2). Pamaréntah méré jalan pikeun masarakat dina ngariksa budaya, jeung mangrupa salah sahiji cara dina ngawanohkeun titinggal budaya Sunda anu kuduna masih dijaga jeung dipaké.

Sangkan fungsi jeung guna nulis téh kahontal, tur bisa ngahudang kréativitas jeung kaaktifan siswa sangkan resep kana nulis hususna nulis aksara Sunda, guru kudu mibanda kaparigelan dina nepikeun bahan pangajaran nalika kagiatan diajar- ngajar lumangsung.

Kagiatan diajar-ngajar téh mangrupa hiji sistem, beungkeutan anu gembheng, silih deudeul tur silih rojong dina prosés pangajaran, nu ngawengku tujuan, bahan, media, stratégi jeung modél pangajaran, sarta évaluasi. Ieu komponén téh teu bisa mandeg mandiri, hartina kudu silih deudeul tur silih lengkepan. Upama bahan pangajaran hayang katepikeun ka siswa tangtu kudu mibanda tujuan anu jelas, lian ti éta kudu ditepikeun kalawan ngagunakeun modél anu cocog sangkan matéri atawa bahan ajar bisa katepikeun ka siswa kalayan gampang tur bisa kapaham ku siswa.

Dina prosés diajar-ngajar, modél pangajaran mangrupa hal anu teu bisa dipisahkeun tina kagiatan pendidikan jeung pangajaran. Tujuanna sangkan bahan pangajaran bisa katarima kalawan bisa kapaham ku siswa. Ku ayana modél pangajaran bisa leuwih mantuan guru dina nepikeun bahan pangajaran. Ku kituna modél pangajaran mangrupa salah sahiji kompetensi anu kudu dikawasa ku sakabéh guru. Lantaran hal ieu mangrupa salah sahiji indikasi anu bakal nangtukeun kana kahontalna tujuan pangajaran (Rahman, 2011, kc.1).

Modél pangajaran *word square* atawa *kuadrat kata* anu ngagunakeun teka-teki silang salaku instruménna dianggap cocog pikeun ngahudang karep, emosional, sarta sumanget siswa dina nulis aksara Sunda. Lantaran dina nulis aksara Sunda teu ngan ngalibetkeun otak beulah kénca dina ngagunakeun basa, mikir, nginget-ninget jeung nganalisis (logika), ogé kudu ngalibetkeun otak beulah katuhu pikeun ngahudang sisi emosional tur sumanget anu kacida diperlukeunna dina nulis aksara Sunda. Hal ieu luyu jeung pamadegan Porter & Mike (Sudaryat jeung Soléhudin, 2009, kc. 49) anu nétélakeun yén kagiatan nulis ngalibetkeun sakabéh aktivitas otak.

Nilik kana pentingna modél pangajaran dina kagiatan diajar-ngajar, pentingna kagiatan nulis dina pangajaran basa, ogé bangbaluh siswa dina kagiatan nulis, ku kituna ieu panalungtikan museur kana jenis modél pangajaran *word square* pikeun ngukur kamampuh siswa saupama diterapkeun dina pangajaran nulis aksara Sunda. Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *word square* saméméhna geus aya nya éta. “Modél Pangajaran *Word Square* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Pamahaman (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas V SDN Nyalindung Paséh Sumedang Taun Ajaran 2012-2013)” (Evita Meylani Awalia, 2013). Tapi, panalungtikan anu ngagunakeun modél *word square* dina nulis aksara Sunda mah munggaran. Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun kamampuh siswa kelas X-A SMA NEGERI 1 Nanggung taun ajaran 2014/2015 saupama ngagunakeun modél *word square* dina pangajaran nulis aksara Sunda, tur nganalisis kahontal atawa henteuna kompetensi nulis ogé nimbulkeun kaparigelan siswa dina nulis aksara Sunda

Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Modél Pangajaran *Word Square* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Eksperimen ka Kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor Taun Ajaran 2014/2015)”.

1.2 Rumusan Masalah

Kaparigelan basa kacida gemblengna, ku kituna dina ieu panalungtikan perlu diwatesan masalahna ngarah henteu lega teuing ambahanana tur ieu

panalungtikan téh bisa museur. Ieu panalungtikan leuwih museurkeun kana kamampuh nulis aksara Sunda anu ngawengku aksara swara, aksara ngalagena, sarta ngalarapkeun rarangkén luhur, rarangkén handap, jeung rarangkén sajjajar. Pasualan séjénna nya éta ngagunakeun modél pangajaran *word square* anu mangrupa métode ka siswa kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015.

Anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun modél pangajaran *word square* dina pangajaran nulis aksara Sunda di kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015?
- 2) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda sabada ngagunakeun modél pangajaran *word square* dina pangajaran nulis aksara Sunda di kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015?
- 3) Naha aya béda anu signifikan kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *word square*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan di antarana nya éta tujuan umum jeung tujuan husus:

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nguji hasil modél pangajaran *word square* dina pangajaran nulis aksara Sunda di kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadeskripsikeun:

- 1) Kamampuh nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun modél pangajaran *word square* dina pangajaran nulis aksara Sunda di kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung taun ajaran 2014/2015;

- 2) Kamampuh nulis aksara Sunda sabada ngagunakeun modél pangajaran *word square* dina pangajaran nulis aksara Sunda di kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung taun ajaran 2014/2015; sarta
- 3) Bédana anu signifikan kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung taun ajaran 2014/2015 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *word square*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua mangpaat, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mekarkeun jeung ngeuyeuban téori, métodologi, jeung pangajaran aksara Sunda, hususna métodologi modél pangajaran nulis aksara Sunda di kelas X A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, mangpaat dina ieu panalungtikan dijelaskeun di handap.

1) Pikeun Guru

Guru dipiharep bisa milih modél pangajaran nu cocog pikeun dipaké dina prosés pangajaran nulis aksara Sunda di kelas X SMA.

2) Pikeun Siswa

Bisa méré nyaho siswa ngeunaan cara diajar anu gampang jeung numuwuhkeun minat siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda.

3) Pikeun Panalungtik

Dipiharep bisa méré pangaweruh anu hadé kumaha ngagunakeun modél pangajaran *word square* saméméh jeung sabada panalungtikan, jeung bisa jadi salah sahiji métode nu bakal dipaké pikeun panalungtik nalika ngajar di sakola.

4) Pikeun Paélmuan

Pikeun widang paélmuan bisa ngeuyeuban deui pangajaran basa Sunda sangkan leuwih mekar ku ayana modél pangajaran.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I eusina ngawengku kasang tukang masalah dina panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh éta mangpaat praktis atawa mangpaat tioritis, jeung raraga tulisan dina ieu skripsi.

Bab II ngadéskripsikeun tiori-tiori nu ngawengku modél pangajaran *word square* sarta léngkah-léngkahna dina pangajaran nulis aksara Sunda, tiori nulis, jeung aksara Sunda. Dina ieu bab dipedar ogé raraga mikir jeung hipotésis tina panalungtikan.

Bab III ngadéskripsikeun ngeunaan métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, sumber data anu digunakeun dina panalungtikan, desain panalungtikan, instrumen panalungtikan, sarta prosedur panalungtikan nu ngawengku léngkah-léngkah ngumpulkeun jeung ngolah data pikeun dianalisis.

Bab IV ngadéskripsikeun hasil panalungtikan anu ngawengku analisis data hasil panalungtikan jeung pedaran pangaruh modél pangajaran *word square* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMA NEGERI 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015.

Bab V ngadéskripsikeun kacindekan tina hasil panalungtikan, sarta méré saran atawa rékoméndasi-rékoméndasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.

Lampiran-lampiran nu aya dina ieu skripsi di antarana nya éta, SK Skripsi, Surat Penelitian, Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP), Instrumén tés (*pre-test* jeung *post-test*), sarta dokumentasi foto.